

Bible lessons. **Lesson 37. JACOB'S TEMPERAMENT.**

Genesis 42:29-38

Memory verse: **"If you faint in the day of adversity, your strength is small."** Prov. 24:10

KAMERE YA YAKOBO

Icirwa ca 54

Itang. 42:29-38

Umurongo ngenderwako : « **Niwadendebukirwa ku musu w'ivyago, inkomezi zawe zizoba zari nke » Imig.24 :10**

I. Intangamarara

Niba warigeze gukekeranya ko Imana yosezerana ntibishitse, ibi vyirwa vy'inkuru ya Yosefu, birakwerekana ko Imana itameze nk'abantu. Muri iki gice, Turashira inguvu cane kuri kamere ya Yakobo n'ivyakurikiye, inyuma yo kurungika abahungu biwe muri Egiputa gusumurayo, aho Yosefu yari umushikirananyi wa mbere. Akabasaba ko batazosubira kumugarukira mu gihugu batazanye uyo mwenewbo Benyamini bavuze ko asigaye m'urugo.

II. Inyishu ya Yakobo ku nkuru zivuye muri Egiputa.

Umur. wa 36 « Se Yakobo arababarira ati : Mumazeko abana, ehe Yosefu ntakiriho, na Simiyoni ntakiriho, none mugomba kunyaga na Benyamini, Ivyo vyose ni jewe vyeguriwe ko. »

Aha Yakobo yemeje inkuru atariy'ukuri ati :

- Yosefu yarapfuye,
- Simeyoni yarapfuye; (Itang. 42:33)
- Benyamini agiye gupfa;
- Ivyo vyose ni jewe vyeguriweko. Muyandi majambo, « vyose biriko bigenda nabi., birandemeye, Ndaryanduye, »

Aha uwariwe wese yotahura Yakobo, kuko atabaye Mpwemu Yera akora, yoshoboye kwiha inyishu atariyo kuk'ikibazo nk'iki. Yakobo, Umutama akuze, abwiye inkuru y'icamugongo kubijanye n'abana biwe, yemeza ko bagiye kumushirako.

Yoba yaribwiye ati : « Ubuzima bwanje bwuzuye umubabaro, ndabira ibi biriko birambako. »

III. Yakobo yigumya kuri raporo ivuye muri Egiputa.

Soma Itang. 43:1-10

Yosefu yavukana na Benyamini kuri nyina. Abavuye i Egiputa baza bavuga ko uwo muntu wo muri Egiputa yasavye ko bamanukana Benyamini, **Itang 42 :38,** « ***Aramwishura ati : Umwana wanje ntazomanukana nawe, kuko mukuru we yapfuye akaba asigaye ari ikinege,...*** »

Naho vyari uko, Inzara yarakomeje iraba nyishi i Kanani. Se wabano bana, abasaba gusubiraye ariko baramuhishuka ko bitokunda igihe batoba bajanye Benyamini.

Umur wa 6. Yarababajije ngo : Ni kuki mwamubwiye ko mufise uwundi mutoyi wanyu muhira ? mu yandi majambo ; yababajije gituma batakoresha ikinyoma ngo bamubwire ko atawundi bavukana yasigaye.

Uyu mutama ntaratahura ko ikinyoma no kubura ubwizigirwa mu muryango wiwe, arivyo bitumye asazana agahinda. Muri we yama abona ko ikinyoma mu kibazo cotabara, ariko, aho gutabara carushiriza gutera agahinda. **Kolosayi 3:9** « ***Ntimukabashane, kuko mwiya mbuye wa muntu wa kera.*** »

Inyuma yo kwigumya, inzara yamurushije inkomezi, izindi nzira ntizakunda uretse imwe gusa. Kureka Benyamini akajana na benewabo muri Egiputa. Araheba aremera aramubaha barajana. Ariko, nk'Umuntu w'Imana, arabahezagira.

Vyumvikaana ko yamusezeye ati : « “Goodbye,” Nagasaga si nzosubira kukubona. »

IV. Nk'umukristo, wize iki?

Kugera aha, Yakobo yabaye mu buzima bw'imibabaro koko, kubw'ivyo :

1. Si bibi kubarira beneso muri Kristo ibibazo uba uriko uracamwo. Ni co babereyeho, kuko uwariwe wese ari musu y'izuba, arashobora guhura n'ikigeragezo icarico cose. Indemesho itangwa mw'ijambo ry'Imana. Ico ijambo ry'Imana ritemera ni ukwigeragereza kwironderera inyishu, kuko akenshi

usanga waguye mu mutego w'umurwanizi (ikinyoma, urwanko, uburyarya, ubusuma,...) aho, umurwanizi akaba agufashe.

2. Ukwihabura n'ukwidodomba ntibikwiye kuba mu mutima no mu kanwa kuwakijijwe. Yakobo yavuze ngo : « ibi vyose ni jewe vyeguriweko » aha biboneka yananiwe kuvyihanganira.

Haraho inzira y'ibigeragezo ikubana ndende ariko ari nayo Imana iriko iragucishamwo kugira uzugere ku nyishu yawe. Abenshi barahera mu nzira kubera umutima wo kwidodomba mu bigeragezo bigatuma Imana yanka kubandanya ibarongora muri urwo rugendo, ikabarekura bagahona.

Umwanditsi George Matheson, niwe yanditse aya majambo ngo :

-Mana yanje, sinigeze nibuka kugushima mu bihe vy'amahwa mu birenge vyanje, Nashoboye kugushima incuro zirenga 100 igihe vyose vyasayangana nk'amashurwe yo m'urushana,

- Nta ndirimbo mukanwa kanje igihe co kwikorera umusaraba, Ariko ndasavye unyigishe icubahiro c'umusaraba, Unyereke n'agaciro k'amahwa.

V. Gushira mu ngiro

Birashoboka ukaba warananiriwe mu rugendo rwawe kubera ibibazo, ukama ugerageza kwironderera inyishu, ndetse wamana ukwidodomba kwa misi yose kubera ibikomere vyo mu mutima.. Vyoba vyarashitse muri uko kwironderera inyishu, ugaca mu nzira z'ivyaha ; bikaba Vyakubereye kamere.

Ubu niko kanya kawe. Urashobora guhaguruka ugasenga Imana izoca ibandanya igufate ukuboko kugeza igushikanye mu masezerano yawe nka Yosefu. Yesu Umwami wawe aguteze ibiganza kandi yiteguriye kuguhindurira iyo kamere, biciye mu maraso yiwe.